



## Lakou Dèyè e Pi Lwen

### Fè Mizik nan La Nati

Posibilite pou fè mizik san fen lè w'ale deyò! Kolekte ròch, ti bwa, ak fèy pou wè ki tip de senfoni ke ou kapab konpoze.

- Eseye frape diferan objè ak ti bwa yo. Eske objè ki di yo gen diferan son de objè ki mou yo tankou fèy? Eske diferan ti bwa fè diferan bwi?
- Ranmase ròch yo e kite yo tonbe a travè dwèt ou. Eseye chanje vitès lan.
- Soufle sou yon gazon ki nan mitan dwèt ou pou kapab sifle.
- Lage ròch yo nan yon tikal dlo. Eske ou kapab fè son "plòp"la diferan?
- Fè pwòp bann ou! Jwenn enstriman pou lòt yo e jwe yo ansanm!



Ki lòt jan ke ou kapab fè mizik si ou sèvi ak materyèl ki soti nan la nati?